

TIT: Asistans Finansyè pou Pasyan	MÈT DOKIMAN: Direktè Aksè Pasyan
ADMINISTRATÈ DOKIMAN: Vis Prezidan Sik Resèt	DAT ORIJINAL: Septanm 2017

PÒTE:

Aplikab pou Pottstown Hospital ak filyal li yo. Règleman sa a pa aplike pou doktè ki pa anplwaye, k ap bay pasyan Pottstown Hospital swen.

OBJEKTIF:

Pou asire pwosedi estanda yo etabli ak pratike nan tout Pottstown Hospital pou sa ki konsène idantifye epi toujou ede pasyan ki bezwen asistans finansyè. Yo deziyen Pottstown Hospital kòm yon òganizasyon charitab anba Internal Revenue Code (IRC) Seksyon 501 (c) (3). An konfòmite ak IRC Seksyon 501 (r), li oblije etabli ak lajman pibliye politik asistans finansyè òganizasyon an. Entansyon politik la se idantifye ak sèvi pasyan ki nan bezwen finansyè, epi kreye yon sansibilizasyon sou disponiblite asistans finansyè nan tout sistèm sante ak kominote a.

RÈGLEMAN:

Yon pati nan misyon Pottstown Hospital se pou bay swen sante ak konpasyon, ki aksesib, ki de bon kalite, epi ki pa twò chè osen kominote an; nou rekonèt se pa tout pasyan ki gen menm kapasite pou peye pou sèvis medikal yo. Pottstown Hospital pral lajman pibliye disponiblite asistans finansyè nan kominote an atravè sit entènèt sistèm sante an, bwochi ak angajman vizavi gwoup defans kominote yo. Konseye finansyè pral edike pasyan yo ak fanmi yo an referans ak resous ki disponib yo epi pral bay asistans nan kad aplikasyon asistans finansyè an ak pwosesis apwobasyon, pou asire tout pasyan yo kontinye gen opòtinite pou jwenn swen yo bezwen.

DEFINISYON:

Asistans Finansyè: Swen Sante yon pasyan resewa san yo pa atann ke pasyan an peye pou sèvis, ann antye oswa an pati, jan sa detèmine pa enkapasite finansyè yon pasyan genyen pou peye.

EMTALA (Lwa sou Trètman Medikal Dijans ak Swen pou Akouchman): Kondisyon federal ki deklare nenpòt lopital ki aksepte pèman ki soti nan Medicare, dwe bay swen a nenpòt ki pasyan ki rive nan depatman ijans li pou trètman, kèlkeswa sitwayènte pasyan an, estati legal li nan peyi Etazini, oswa kapasite li pou peye pou sèvis yo.

Estanda Povrete Federal (FPL): Yo pibliye gid sa yo chak ane nan rejis federal la epi yo sèvi avèk yo pou detèmine yon nivo povrete debaz. Depatman Sante ak Sèvis Sosyal pibliye enfòmasyon estatistik sa a.

Konpozisyon fwaye: Detèmine pa kantite moun ki peye taks nan fwaye an. Gwosè fwaye an gen ladan, men se pa sa sèlman, moun k ap ranpli taks yo, konjwen moun k ap ranpli taks yo, ak lòt depandan taks yo.

Medicaid: Yon pwogram ki se yon tèt ansanm ant gouvènman federal ak gouvènman eta a, ki ede kèk moun avèk depans medikal, lè moun sa yo gen revni ak resous limite.

Moun k ap bay Garanti: Moun ki legalman ak finansyèman responsab pou pèman bòdwo yon pasyan.

Pasyan ki kalifye: Pasyan ki sipoze kalifye pou asistans finansyè dapre sikonstans lavi tankou sanzabri, zero revni, oswa kalifikasyon anteryè, pou pwogram asistans finansyè.

Pasyan ki pa gen ase asirans yo: Pasyan ki gen asirans pwoteksyon men ki vin yon gwo responsabilite finansyè pou pasyan an pou pèman fakti medikal yo.

Pasyan ki pa gen asirans: Pasyan ki pa gen asirans ki disponib pou bezwen medikal yo.

Revni fwaye an: Revni moun k ap viv nan kay la, gen ladan men se pa sa sèlman, salè, enterè, dividann, avantaj sekirite sosyal, benefis veteran, pansyon ak revni mari oswa madanm. Pou yo ka elijib pou asistans finansyè, egzanp revni ki ekskli yo se asistans tanporè pou benefis fanmi (TANF), benefis pwogram asistans nitrisyon siplemantè (SNAP), pwogram benefis asistans enèji lakay (LIHEAP), ak benefis move tan.

Sèvis medikal nesèsè: Swen Sante oswa materyèl ki nesèsè pou fè dyagnostik oswa trete yon maladi, aksidan, kondisyon, maladi oswa sentòm li, ki satisfè estanda lamedsin.

Sèvis siperyè: Nan kad règleman sa a, sèvis siperyè yo defini, men se pa sa sèlman, kòm depatman siperyè yo bay, tankou kadyoloji, sèvis perioperatwa, admisyon pwograme, ak sèvis respiratwa, ak sèvis terapi pou pasyan ekstèn.

PWOSEDI:

1) Kreye konsyans sou opsyon Asistans Finansyè Pasyan an

- a) Règleman Asistans finansyè aktyèl la ak aplikasyon pou asistans finansyè disponib nan lang anglè ak espanyòl. Frè pou sèvis doktè ki pa anplwaye Pottstown Hospital pa rantre nan politik asistans finansyè an.
- b) W ap jwenn panflè nan lang anglè ak espayòl nan lòbi ak sal datant Pottstown Hospital. Panflè sa yo bay yon rezime fasil pou li sou pwogram asistans finansyè an, ak enfòmasyon pou kontakte anplwaye Pottstown Hospital k ap asiste pasyan yo ak pwosesis aplikasyon an. Panflè sa yo distribiye tou bay pasyan nan pwen anrejistreman pa mwayen Pottstown Hospital. Pasyan ki pa asire oswa ki fè konnen yo pa kapab peye nan kote yo pran sèvis la resevwa panflè an. Pasyan ki gen ijans ki nan sityasyon sa yo ap resevwa panflè a lè yo ba yo egzeyat.
- c) Relve bòdwo pasyan pou sèvis yo jwenn Pottstown Hospital gen ladan yo konsèy ak sa pou fè sou pwogram asistans finansyè ki genyen an. Mete sou sa, dèyè do relve bòdwo an se yon aplikasyon pou asistans finansyè.
- d) Pottstown Hospital ap travay nan tèt ansanm ak pwogram militans nan kominote an. Ajans sa yo konnen politik sou disponibilite asistans finansyè Pottstown Hospital.

2) Idantifye pasyan ki gen bezwen Asistans Finansye pou sèvis medikal ki nesèsè:

- a) Kòm konsekans pwosesis verifikasyon kouvèti pou sèvis finansye pasyan Pottstown Hospital, ap genyen opòtinite pou idantifye pasyan ki pa asire ak pasyan ki pa asire ase. Resous konsèy finansye Pottstown Hospital yo ap ede pasyan sa yo ak pwosesis aplikasyon Medicaid la.
- b) Pasyan yo refize bay kouvèti Medicaid, oswa yo evalye epi yo jwenn ki pa ranpli kondisyon pou kouvèti Medicaid la, y ap mete yo nan pwogram Asistans Finansyè Pasyan an.
- c) Sèvis finansye pasyan Pottstown Hospital yo ap itilize resous kalifikasyon ki egziste yo pou detèmine kouvèti asirans ak avantaj ki genyen pou tout pasyan yo. Pou pasyan ki gen randevou, verifikasyon kouvèti an ap fèt anvan pasyan an rive pou tout sèvis ki koute chè yo (pa egzanp. MRI, CT Scan, pwosedi chiriji, sèvis kadyoloji). Pasyan ki gen randevou e k ap resevwa sèvis ki pa koute chè, ansanm ak pasyan ki pa gen randevou, ap genyen kouvèti yo verifye nan moman admisyon an. Kòm konsekans pwosesis verifikasyon kouvèti an, yo ka mande pasyan pou yon pòsyon lajan yo responsab pou li an anvan yo bay yo admisyon. Y ap verifye kouvèti pasyan sèvis ijans apre egzamen despistaj medikal, jan egzijans EMTALA yo mande sa.
- d) Politik bòdwo ak rekouvreman Pottstown Hospital la prezante pwosesis kote Pottstown Hospital ap chaje epi faktire pasyan ki pa asire, epi al fè rekouvreman balans ki pa peye.

3) Detèmine elijiblite pou Asistans Finansye

- a) Pasyan k ap chèche, oswa ki resevwa sèvis medikal nesèsè epi ki montre enkapasite yo pou peye sèvis yo, ap konsidere pou politik asistans finansyè an.
- b) Pasyan k ap vizite soti nan lòt peyi epi ki bezwen sèvis ijans kalifye pou konsiderasyon asistans finansyè. Sepandan, pasyan k ap vizite peyi Etazini ak lentansyon pou yo resevwa swen ki pa ijan pa kalifye pou asistans finansyè an jeneral.
- c) Y ap mande pasyan pou yo bay prèv revni fwaye an ansanm ak non moun ki nan fwaye a, kòm yon egzijans pou antre nan pwosesis aplikasyon an. Enfòmasyon sa yo ap sèvi pou wè ki kote nan Konsiy Federal sou Nivo Povrete a (Federal Poverty Level Guidelines oswa FPL), fwaye an tonbe. Kategori FPL la ap di kantite lajan pasyan oswa moun k ap bay garanti an ap peye pou bòdwo medikal yo jan tablo anba montre a:

Kategori FPL	Alokasyon	Lajan maksimòm pasyan peye pou chak rankont/vizit
= < 200% FPL	100% Alokasyon asistans finansyè	\$0
ant 201% ak 250% FPL	90% alokasyon sou to MCR FFS	\$300
ant 251% ak 300% FPL	80% alokasyon sou to MCR FFS	\$500
ant 301% ak 350% FPL	70% alokasyon sou to MCR FFS	\$1,000
ant 351% ak 400% FPL	50% alokasyon sou to MCR FFS	\$2,000

- d) Yo ka detèmine pasyan ki gen chans pou elijib pou asistans finansyè a sou baz sikonstans y ap viv nan moman an. Pottstown Hospital ap itilize tout resous disponib pou verifiye chans pou elijib la. Egzanp: Y ap pran an konsiderasyon resous pou verifikasyon elektwonik, lèt rekòmandasyon ki soti nan men manm fanmi oswa abri, ak/oswa pwòp eksplikasyon pasyan an sou sityasyon lavi li. Pasyan ki kalifye pou elijibilite posib ap resevwa 100% asistans finansyè.
- e) Nou ankouraje pasyan kòmanse aplike pou asistans finansyè pi vit posib nan pwosesis pou jwenn swen medikal la. Pi bonè Pottstown Hospital konnen pwoblèm finansye yo, plis posiblite pasyan an genyen pou l konekte vrèman ak resous ki ka genyen tankou Medicaid oswa lòt asistans oswa pwogram asirans. Se vre li ideyal pou kòmanse pwosesis la pi vit posib, men pasyan elijib pou mande konsiderasyon asistans finansyè nan nenpòt pwen nan pwosesis faktirasyon ak rekouvremant an. Si aplikasyon pou asistans finansyè a lanse pandan kont lan twouve l nan pwosesis rekouvremant, aktivite rekouvremant yo ap kanpe jiskaske yo pwan desizyon sou elijibilite a.
- f) Desizyon konsènan elijibilite pou asistans finansyè ap fèt nan 14 jou apre yo resevwa yon aplikasyon asistans finansyè konplè. Y ap analize aplikasyon enkonplè yo epi y ap eseye kontakte pasyan/moun kap bay garanti a pou plis enfòmasyon. Y ap voye yon lèt konfimasyon nan lang anglè ak espayòl, ansanm ak yon relve bòdwo revize bay pasyan an pou eksplike l rezilta desizyon an. Relve bòdwo revize a ap gen ladan l tout lajan pasyan an peye anplis nan gade kantite lajan ki dwe.
- Lè asistans finansyè an apwouve, lèt konfimasyon an ap sèvi tou kòm yon mwayen pou presize peryòd tan detèminasyon asistans finansyè an kouvri. Lèt konfimasyon an ap gen ladann yon non kontak pou pasyan kenbe kòm referans ak resous pou si l gen lòt kesyon.
- g) Si asistans finansyè a pa apwouve, y ap voye lèt nan lang anglè ak espayòl pou bay rezon ki fè se desizyon sa yo pran, ansanm ak enfòmasyon sou lòt metòd pèman. Si pasyan ta vle fè apèl kont desizyon yo pran an, y ap di l kijan pou l fè pwosesis apèl la.
- h) Pasyan oswa moun ki bay garanti ki pa dakò ak rezilta desizyon elijibilite pou asistans finansyè a ap gen posiblite pou l fè apèl desizyon an. Analiz demann apèl la se Direktè Aksesibilite Pasyan ki ap fè l, Vis Prezidan Sik Resèt la (Revenue Cycle la) epi, si nesèsè, Vis Prezidan prensipal la ak chèf finans lan.

KONSIY:

PWOTOKOL FOUNISÈ AN:

EDIKASYON AK FÒMASYON:

Ekip Direksyon Aksesibilite Pasyan an ap gen responsablite edikasyon chak ane sou atant ki genyen nan politik sa. Nouvo anplwaye pou aksesibilite pasyan ap jwenn fòmasyon nan kad premye oryantasyon yo.

REFERANS:

APWOBASYON KOMITE/KONSÈY:

ANILASYON:

Tout sa ki nan dokiman sa gen fòs sou tout politik/pwosedi/pwotokòl/konsiy, memorandòm ak/oswa lòt kominikasyon ki te la anvan ki nan dokiman sa.